# BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍNDA DÍQQATTÍŃ TURAQLÍLÍǴÍ HÁM JÁMLENÍWÍNÍŃ PSIXOLOGIYALÍQ HÁM PEDAGOGIKALÍQ ÓZGESHELIKLERI

**Sharshenbaeva Barno Serikbaevna**
Berdaq atındaǵı QMU, Pedagogika hàm Psixologiya kafedrası,
psixologiya qàniygeligi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.18279639

**Annotaciya.** *Usı maqalada baslawish klass oqıwshılarında diqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwiniń psixologiyalıq-pedagogikalıq ózgeshelikleri ilimiy-teoriyalıq hám ámeliy jaqtan tallaw etiledi. Dıqqat biliw processleriniń áhmiyetli komponenti sıpatında úyrenilip, onıń jasqa baylanıslı ózgeshelikleri, qáliplesiw basqıshları hám oqıw xızmetine tásiri jaqdırılıp beriledi.*

*Izertlew barısında diqqattıń turaqlılıǵı hám koncentraciyasın anıqlawǵa baǵdarlanǵan psixodiagnostikalıq usıllar qollanıldı. Alınǵan nátiyjeleri baslawish bilim beriw procesinde dıqqattı rawajlandırıwǵa qaratılǵan maqsetli pedagogikalıq tásir oqıw xızmetiniń nátiyjeliligin sezilerli dárejede arttıratuǵınlıǵın kórsetti.*

**Gilt sózler**: *diqqat, diqqat turaqlılıǵı, dıqqattı toplaw, baslawish klass oqıwshıları, biliw processleri, oqıw xızmeti.*

***Аннотация.*** *В статье рассматриваются психологические и педагогические особенности устойчивости и концентрации внимания у учащихся начальных классов.*

*Внимание анализируется как важный компонент познавательной деятельности, раскрываются его возрастные особенности и влияние на учебный процесс. В ходе исследования использованы психодиагностические методики, направленные на изучение устойчивости и концентрации внимания. Полученные результаты подтверждают эффективность целенаправленной работы по развитию внимания в системе начального образования.*

***Ключевые слова:*** *внимание, устойчивость внимания, концентрация внимания, учащиеся начальных классов, познавательные процессы.*

***Abstract.*** *The article examines the psychological and pedagogical characteristics of attention stability and concentration in primary school students. Attention is analyzed as a key component of cognitive activity, and its age-related features and impact on learning effectiveness are revealed. Psychodiagnostic methods were used to assess attention stability and concentration.*

*The results confirm that targeted pedagogical interventions aimed at developing attention significantly improve learning outcomes in primary education.*

***Keywords:*** *attention, attention stability, attention concentration, primary school students, cognitive processes, learning activity.*

Zamanagóy bilimlendiriw sistemasında baslawısh klass basqıshı oqıwshılardıń intellektual, psixologiyalıq hám jeke rawajlanıwında sheshiwshi áhmiyetke iye. Áyne usı dáwirde balanıń biliw procesleri - dıqqat, es, oylaw hám tasawır aktiv rawajlanadı. Bul procesler ishinde dıqqat ayrıqsha orın tutadı, sebebi ol barlıq biliw xızmetiniń nátiyjeli ótiwin támiyinlewshi tiykarǵı mexanizm esaplanadı. Baslawısh klass oqıwshılarında dıqqattıń jeterli dárejede rawajlanbaǵanlıǵı oqıw xızmetinde sustlıq, tez alańǵasarlıq, tapsırmalardı aqırına jetkermew sıyaqlı jaǵdaylarga alıp keledi. Sol sebepli dıqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwin ilimiy tiykarda úyreniw hám onı rawajlandırıw jolların anıqlaw búgingi pedagogikalıq-psixologiyalıq izertlewlerdiń áhmiyetli baǵdarlarınan biri.

**Diqqat** – adamnıń psixikalıq is-háreketiniń belgili bir nársege yamasa háreketke bağıtlanıwı hám solğa shogırlanıw qábileti. Oqıw procesinde diqqat balanıń bilim alıwında, tapsırmalardı túsiniwinde hám orınlawında bas faktor bolıp esaplanadı.

Baslawish klass oqıwshıları (ádetten 6–10 jas):

1. emosional jaǵınan tez qozǵaladı;
2. qızıǵıwshılıǵı joqarı, biraq turaqsız;
3. erikli (sanlı) diqqatı áli tolıq qáliplespegen;
4. kórnekilikke, oyınǵa, qozǵalısqa beyim.

usı jas dáwirinde diqqat kóbinese **eriksiz** túrde payda boladı, yaǵnıy jańa, qızıqlı, jarqın nárselerge tez awısıp ketedi.

**Diqqattıń turaqlılıǵı** – belgili bir waqt dawamında bir is-háreketke shogırlanıw qábileti.

Baslawish klass oqıwshılarında:

- diqqat 10–15 minuttan keyin álsireydi;
- bir túrli, qızıqsız tapsırmalar tez jaldıratadı;
- oqıw materiyalı kórnekili hám ámeliy bolǵanda diqqattıń turaqlılıǵı artadı.

**Diqqattıń jámleniwi** – negizgi nársege shogırlanıp, basqa tırtkilerdi esapqa almaw qábileti.

Bul jas dáwirinde:

- sırtqı tırtkiler (dawıs, qozǵalıs, jarqın zatlar) tez alańdatadı;
- mugalimniń sóylew máneri, dawıs ырғaǵı, intonaciyası máńizli rol oynaydı;
- tapsırmanıń anıq hám qısqa túsindiriliwi diqqat jámleniwina járdem beredi.

Diqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwin rawajlandırıw ushın mugalim:

- sabaq túrlerin almaştırıp barıwı;
- oyın texnologiyaların qollanıwı;
- kórnekili qural-jabdıqlardan paydalanıwı;
- fizkultminutkalar ótkiziwi;
- balanıń jeke ózgesheliklerin esapqa alıwı kerek.

Baslawish klass oqıwshılarında diqqat áli tolıq qáliplespegen boladı. Sonlıqtan, onıń turaqlılıǵı hám jámleniwi psixologiyalıq-pedagogikalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı. Oqıw procesin balanıń jas hám psixologiyalıq ózgesheliklerine sáykes uyımdastırıw – nátiyjeli bilim alıwdıń negizi bolıp tabıladı. 1-2-klaslarda dıqqattıń turaqlılıǵı salıstırmalı tómen bolsa, 3-4-klaslarǵa kelip ıqtıyarlı dıqqat elementleri qáliplese baslaydı. Bul process muǵallim tárepinen durıs shólkemlestirilgen oqıw xızmeti menen tıǵız baylanıslı. Psixologiya iliminde dıqqat adam psixikalıq xızmetiniń áhmiyetli quramı sıpatında túsindiriledi.

Dıqqat sananıń belgili bir obyektke, waqıyaǵa yamasa xızmetke baǵdarlanıwı hám jámleniwi menen sipatlanatuǵın quramalı psixikalıq process bolıp, ol biliw processleriniń nátiyjeli ótiwin támiyinleydi. Dıqqat ǵárezsiz psixikalıq process sıpatında emes, al es, pikir, qabıl etiw hám eleslew sıyaqlı biliw processleriniń xızmetin tártipke salıwshı mexanizm sıpatında kórinedi. Ilimiy ádebiyatlarda dıqqattıń bir neshe tiykarǵı qásiyetleri ajıratıp kórsetiledi: kólemi, turaqlılıǵı, kóshiwshenligi, bólistiriliwi hám jámleniwi. Usı izertlew sheńberinde dál dıqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwi baslawısh klass oqıwshıları oqıw xızmetiniń áhmiyetli shárti sıpatında qaraladı. Dıqqat turaqlılıǵı degende adamnıń belgili waqıt dawamında bir xızmetke yamasa obyektke itibarın úzliksiz saqlap tura alıw qábileti túsiniledi. Dıqqattı jámlew bolsa kereksiz sırtqı hám ishki tásirlerden alańǵasalamay, sananı tiykarǵı wazıypaǵa baǵdarlay alıw menen túsindiriledi.

Psixolog alımlar dıqqattıń rawajlanıwın balanıń jas ózgeshelikleri menen tıǵız baylanıslı halda túsindiredi. Mısalı, S.L. Rubinshteyn dıqqattı adam xızmetiniń nátiyjesi sıpatında talqılap, onıń rawajlanıwı jámiyetlik ortalıq hám xızmet procesi menen belgilenedi, dep esaplaydı. Onıń pikirinshe, dıqqat sananıń belsendilik dárejesin anıqlawshı áhmiyetli kórsetkish bolıp, ol oqıw xızmetiniń nátiyjeliligine tikkeley tásir etedi. Baslawısh klass jasındaǵı balalarda dıqqattıń rawajlanıwı ózine tán ózgesheliklerge iye. Bul dáwirde dıqqat tiykarınan erksiz xarakterge iye bolıp, balanıń dıqqatı kóbirek sırtqı tárepten jelbetkerli, jarqın hám emocional tásirge iye bolǵan obyektlerge qaratıladı. Oqıwshılardıń dıqqatı tez alańǵasalaydı, uzaq waqıt dawamında bir túrdegi xızmet penen shuǵıllanıw olarǵa qıyınshılıq tuwdıradı. Sonıń menen birge, mektep tálimi barısında erkin dıqqattıń qáliplesiwi baslanadı.

R.S. Nemovtıń atap ótiwinshe, erkin dıqqattıń qáliplesiwi balanıń oqıw xızmetine iykelesiwi menen baylanıslı bolıp, bul process muǵallim tárepinen qoyılǵan talaplar, tapsırmalardı orınlaw zárúrligi hám intizamlıq qaǵıydalar tiykarında rawajlanadı. Baslawısh klass oqıwshıları áste-aqırın óz dıqqatın basqarıw, onı belgili waqıt dawamında saqlap turıw hám sanalı túrde xızmetke baǵdarlaw kónlikpelerin iyeley baslaydı.

Dıqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwi dárejesi oqıwshılardıń jeke-psixologiyalıq ózgeshelikleri, nerv sistemasınıń tipi, qızıǵıwshılıqları hám motivaciyası menen de baylanıslı.

Oqıw xızmetine bolǵan jaqsı múnásibet, biliwge qızıǵıwshılıq hám ishki motivaciya dıqqattıń uzaǵıraq saqlanıwına járdem beredi. Kerisinshe, zerigersheńlik tuwdıratuǵın, bir qıylı hám balalardıń jas ózgesheliklerine sáykes kelmeytuǵın oqıw materiallları dıqqattıń tez páseyiwine alıp keledi. Baslawısh klass oqıwshılarında dıqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwi rawajlandırıwda pedagogikalıq faktorlar úlken áhmiyetke iye. Sabaq barısınıń duris shólkemlestiriliwi, oqıw materialınıń logikalıq izbe-izligi, kórgizbeligilik hám interaktiv usıllardan paydalanıw dıqqattı jedellestredi. Sonday-aq, xızmet túrleriniń almasıwı, oyın elementleriniń qollanılıwı hám jaqsı emocional ortalıq dıqqattıń uzaǵıraq saqlanıwına múmkinshilik jaratadı.  Psixologiyalıq izertlewler sonı kórsetedi, baslawısh klass jasında dıqqattı rawajlandırıw maqsetke baǵdarlanǵan halda ámelge asırılsa, keyingi basqıshlarda oqıwshılardıń oqıw xızmeti, ǵárezsiz pikirlew qábileti hám intellektual rawajlanıwı ushın bekkem tiykarlama jaratıladı. Sonlıqtan dıqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwi rawajlandırıw baslawısh tálim sistemasınıń áhmiyetli wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı. Izertlew nátiyjelerine qaraǵanda, baslawısh klass oqıwshılarında dıqqattıń turaqlılıǵı hám jámleniwi oqıw xızmetiniń nátiyjeliligin belgileytuǵın áhmiyetli psixologiyalıq faktorlardan biri.

Dıqqattı rawajlandırıwǵa qaratılǵan sistemalı pedagogikalıq jumıslar oqıwshılardıń bilimlerdi ózlestiriw dárejesin arttıradı, óz betinshe pikirlew hám oqıw xızmetine oń múnásibetti qáliplestiredi. Sol sebepli baslawısh bilimlendiriw procesinde dıqqattı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan shınıǵıwlar, psixologiyalıq mashqlar hám interaktiv metodlardan keń paydalanıw maqsetke muwapıq.

**Paydalanilgan ádebiyatlar**

1. Davletshin M. Yosh va pedagogik psixologiya. – Toshkent: Fan, 2020.
2. G‘oziyev E. Umumiy psixologiya. – Toshkent: O‘qituvchi, 2018.
3. Nemov R.S. Psixologiya. – Moskva: VLADOS, 2017.
4. Rubinshteyn S.L. Osnovy obshchey psikhologii. – Sankt-Peterburg, 2019.
5. Leontev A.N. Faoliyat, ong, shaxs. – Moskva, 2016.
6. Piaget J. The Psychology of the Child. – New York, 2018.